

KONEKSYON



Corliss Waitman ki se Patriyòd Nouvèl Angletè a ak ko-ekipyé li yo te rejwenn elèv Young Woods yo pou lanse nouvèl ane lekòl la ak pou pataje enpòtans ki genyen nan prezans!

KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

4 OKTÒB 2023

N ap travay vennkat sou vennkat pou asire ke sipò akademik ak sipò sosy-emosyonèl ki apwopriye yo an plas pou elèv yo reyisi ane akademik sa a. Epi nou kontan anpil pou anonse ke, nan kad pwogram Providence Turnaround nan, nou te louvri twa novo lekòl ane sa a nan kad plan konstriksyon eskolè & 600+ milyon dola nou an ki pral ogmante pousantaj elèv k ap aprann yo nan yon vîtes kalite siperyè soti nan senpleman 5% kounya, jiska 50%! Mwen te gen posibilité pou vizite novo batiman nou yo ak yon kantite lòt lekòl nan jounen ouvèti a epi m te remake lajwa elèv yo, paran, ak edikatè yo prèmyeman. Nou te kòmanse yon fason ki solid epi nou enpasyan pou genyen yon ane akademik ki 23-24 ki pwodiktif. Sepandan, mwen bezwen èd ou pou ede asire ke elèv ou an vini lekòl la alè epi chak jou.

Youn nan pi bon fason pou asire ke elèv yo genyen yon ane ki solid se avèk prezans. Pou ankouraje prezans epi pou pi byen fè konnen enpak absans genyen, dènyèman Distri Lekòl Piblik Providence PPSD a te bay pakè **Ewo Prezans** pou tout elèv yo ki gen ladan:

- Leman ki swiv prezans avèk kalandriye akademik la
- Angajman prezans pou paran ak elèv yo siyen
- Tanpri itilize zouti sa yo avèk timoun ou an, pou rample l kijan prezans enpòtan, ak pou pran angajman pou atenn yon prezans pafè pandan ane lekòl sa a.

Absans eskolè yo akimile vit epi yo ka genyen konsekans ki grav. Pa egzanp, si yon elèv rate yon jou chak de semèn, sa egal ak 20 jou absans (apeprè 3 semèn) chak ane. Yon elèv ki te rate 18 jou (apeprè 2 semèn edmi), yo konsidere sa kòm absans kwonik nan Rhode Island. Lè yon elèv vin absan yon fason kwonik, li riske pran reta epi sa mete pwomosyon l an dout.

Elèv yo dwe prezan epi prè pou aprann chak jou. Avèk èd ou, swen, ak sipò -nou ka travay ansanm pou reyalize yon prezans pafè pou timoun ou an. Annou fè tout efò vin Ewo Prezans yo ane sa a epi asire ke elèv nou yo ka reyisi!

Nou toujou di w mèsi pou konfyans ou mete nan nou chak jou.



DR. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN



MIZAJOU DISTRI YO

KLINKI POU GRIP NAN PPSD

PPSD pral organize klinik nan tout lekòl la/klinik kominotè apati mwa sa a. Tout klinik yo gratis, louvri pou tout moun, epi fêt apati 4:00 p.m. rive 7:00 p.m. nan lokal ki swiv yo:

- **Nathanael Greene Middle School**
721 Chalkstone Avenue (02908)
Madi 10 Oktòb 2023 soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m.
- **JSEC**
182 Thurbers Avenue (02905)
Madi 24 Oktòb 2023 soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m.
- **DelSesto Middle School**
152 Springfield Street (02909)
Jedi 9 Novanm 2023 soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m.

EGZAMEN ADMISYON CLASSICAL HIGH SCHOOL

Apèl pou tout rezidan 8yèm ane Providence yo! **Egzamen Admisyon Classical High School la** pral fêt nan jou **Samdi 21 Oktòb 2023 soti 7:45 a.m. rive 1:00 p.m.** pou elèv 8yèm ane yo nan DelSesto Middle School, Esek Hopkins Middle School, Gilbert Stuart Middle School, Nathan Bishop Middle School, Roger Williams Middle School, ak West Broadway Middle School. Elèv 8yèm ane ki nan lekòl prive yo, lekòl relijye yo, Nathanael Greene Middle School, ak Times 2 Academy Middle School pral pase egzamen an nan jou **Jedi 26 Oktòb 2023 soti 7:45 a.m. rive 1:00 p.m.** Tout elèv ki pa ka patisipe nan okenn dat egzamen yo pral fè tès la nan jou **Jedi 26 Oktòb 2023 soti 7:45 a.m. rive 1:00 p.m.** Pou jwenn plis enfòmasyon sou Egzamen Admisyon Classical High School la, tanpri vizite <https://www.providenceschools.org/domain/100>.

REMÈSYE YON PWOFESÈ

Samdi pase, nou te selebre pwofesè akonpli nou yo pandan WaterFire **Depatman Edikasyon Rhode Island nan WaterFire: Yon evènman Omaj pou Edikatè** nan sant vil Providence lan. Felisitasyon pou pwofesè PPSD yo pou pri ak rekompans yo te resevwa:

John Healy nan E-Cubed Academy: Pwofesè Sivik pou Ane a
Francesca LeClerc nan Classical High School: Pwofesè Distri a pou Ane a

Lindsay Paiva nan Webster Ave Elementary School: Finalis Pwofesè RI pou Ane a

Krista Taft nan PCTA: Enstriktè CTE pou Ane a
Gina Vessella nan Central High School: Travayè Sosyal Eskolè pou Ane a

Kimberly Yaew nan PCTA: Responsab Bibliyotèk pou Ane a
Felisitasyon pou tout moun, epi mèsi pou tout sa ou fè pou elèv nou yo ak Distri a!





EKITE AK APATENANS

Konsèy Konsiltatif sou Ekite PPSD a

Komisyon Konsiltatif sou Ekite PPSD a pral fè premye rankont pou ane lekòl la nan dat 5 Oktòb a 4:30pm nan 797 Westminster St., Sal B ak C nan Komisyon Konsiltatif Lekòl la. Li genyen ladan elèv, pwofesè yo, paran ak patnè kominotè yo, Komisyon an pral kolabore yon fason apwofondi pou leve vwa divès kominote pandan 1 ap konseye pèsònèl Distri a, bay kòmantè, pi ede priyorize efò ekite nan tout distri a, politik, estrateji ak envestisman. Si ou enterese patisipe nan travay sa a, tanpri voye yon imèl bay equity@ppsd.org.

Konferans RESPECT Student Equity Leadership

Nan dat 24 Oktòb la, **seri Konferans Lidèchip sou Ekite Elèv 2023-24 RESPECT** la pral lanse pou rasanble elèv lekòl twazyèm sik ak lekòl segondè PPSD ki te seleksyoné pa lidè lekòl yo pou reprezante kamarad yo. Elèv yo pral devlope plan aksyon pwojè pou ankarage ekite nan kominote lekòl yo, epi travay an patenarya avèk lidè adilt yo pou mete plan yo annèv. Elèv yo pral rankontre ankò nan dat 1 Fevriye 2024 la ak 30 Me 2024.

Pi wo a, Komisyon Lekòl la rekonèt Gèrye Elèv sou Ekite yo ak Anbasadè Pwofesè sou Ekite yo yèswa pou sèvis yo aprè yo fin angaje nan akademik sou lidèchip ete pou elèv PPSD yo ak fòmasyon sou lidèchip nan ekite ki esponnsorize pa Biwo Ekite ak Apatenans Lekòl Piblik Providence yo.

Rankont emPOWER pou Edikatè Koulè yo

Premye rankont emPOWER pou ane lekòl la pral fèt nan dat 10 Oktòb 2023 a. **Rankont emPOWER pou Edikatè Koulè yo** se evènman ki òganize pa Gwoup Travay PPSD DEI yo pou rasanble edikatè PPSD yo pou fòme rezo, ranfòsman kominotè, pou louvri sesyon fidbak, devlopman pwofesyonèl/sou lidèchip, titora, ak etablisman objektif. Vin pran plezi ak mizik, rafrechisman, ak tandé kamarad yo nan Distri a ak lòt lidè yo nan kominote a k ap fè yon travay ekstrawòdinè. Tout pwofesè PPSD yo envite. Tanpri enskri isit la.

Equity Boost Grants

Equity Boost Grants yo toujou disponib epi la pou pèmèt elèv ak edikatè yo teste nouvo lide ak nouvo inovasyon elèv ak pwofesè yo pou sipòte ansèyman ak aprantisaj ki gen referans, pandan y ap avanse ak konpreyansyon ak apresyasyon kiltirèl, angajman anti-rasis ak konpreyansyon angajman sivik ak demokrasi. Equity Boost Grants pral finanse pwojè ki baze nan lekòl ant \$500 ak \$4900. Yo aksepte aplikasyon yo sou yon baz kontini isit la:

<https://forms.gle/3esuPey7mPHm1L1v8>

SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [ABM Industries Fe Patenarya avèk Distri Lekòl Piblik Providence lan pou Ogmante Operasyon yo Nan Vil](#)
Globe Newswire, 5 Septanm 2023
- [Mwatye nan elèv lekòl piblik Providence yo absan yon fason kwonik ane pase](#)
WJAR, 21 Septanm 2023
- [Putting Bricks Before Kids](#)
Boston Globe, 22 Septanm 2023
- [Rapò: Pi gwo difikilite ke lekòl piblik R.I. yo ap fè fas](#)
Boston Globe, 28 Septanm 2023



PWEN ESANSYÈL LEKÒL LA NATHANAEL GREENE MIDDLE SCHOOL



Direktè: Dr. William Reilly

Direktè Adjwen: Jaime David, Amy Marshall, ak Luis Rodriguez

Kisa ki rann lekòl ou an inik?

Nathanael Greene Middle School (NGMS), fwaye Bucks yo, se pi gran lekòl twazyèm sik 6-8 ane nan Providence k ap ofri pwogram ki gen ladan pwogram otonòm, enklizyon, MLL, ak inivèsite avanse yo. Greene se fwaye yon pwogram syans enfòmatik ekstrawòdinè, yon gwoup elèv ki gen anpil talan, divès chanpyona espòtif, elèv ekstrawòdinè, ak pwofesè ki travay anpil.

Èske genyen nenpòt nouvo bagay ekstrawòdinè ki te devwale pandan ane sa a?

Sa se ane NOU an! Nou kontan anpil pou pote yon nouvo NGMS ak yon NGMS amelyore pou elèv ak fanmi Providence yo ane sa a! Anvan ete a, etablisman Greene ak pèsonèl la te devlope yon nouvo vizyon mak ansanm ak twa nouvo priyorite pedagojik yo: ti gwoup ansèyman, wotasyon estasyon, ak diferansiyasyon. Yo te konvèti ti sal yo ak ansyen espas konsèvasyon yo an espas entèvansyon an ti gwoup avèk mèb aprantisaj wo nivo am materyèl pou fè 4-6 entèvansyon ki sible bezwen endividyièl elèv la. Epitou nou te devlope pòs ansèyman ti gwoup nan tout espas lekòl la epi n ap retravay sou fwaye a pou kapab pwofite de aprantisaj an ti gwoup tou. Yo te rekonstiwi espas bibliyotèk nou an pou ankouraje

aprantisaj 21yèm syèk, ki ajoute yon espas kreyasyon ki pral ranfòse pwogram syans enfòmatik solid nou yo. Pwochen etap? De etwal!



Ki vizyon oswa objektif ou pou gwoup elèv nou an pou ane lekòl 2023-24 la nan moman sa a?

Vizyon nou se pou fè NGMS yon destinasyon pou edikasyon ak yon sòti estati yon etwal. Pou rive la, nou te devlope yon estrateji ekriti pou tout lekòl la ke yo itilize nan tout saldeklas yo, yon pwogram ekriti RICA chak de semèn, entèvansyon an ti gwoup ak espas pwoteje, ak alafwa ekip Alfabetizasyon ak STEM. Nou vle Bucks nou yo resevwa preparasyon epi gen konesans sou tout opòtinité alavni ki disponib yo ak pou yo konnen ke yo ka afwonte tout bagay!

Ki objektif ou pou pèsonèl la nan ane lekòl 2023-24 la?

Objektif manm pèsonèl nou an se pou ogmante kilti nan batiman an ak pou konsantre sou developman wotasyon estasyon, ansèyman ti gwoup, ak diferansiyasyon. Nou te mete an plas repa pataj chak mwa, rasanbleman manm pèsonèl, fòmasyon sou developman pwofesyonèl, ak tan kolaboratif pou ankouraje relasyon ak developman pwofesyonèl yo. Premye kesyon nou se kisa ou bezwen ak fason nou ka soutni w. Nan Greene, nou se yon ekip k ap mennen bato a nan menm direksyon an.

Èske lekòl ou an genyen yon maskòt oswa koulè lekòl?

Nou se Bucks Nathanael Greene yo epi koulè lekòl nou yo se vèt ak lò.

Èske genyen nenpòt bagay ou ta renmen pataje avèk kominote PPSD a?

Nou vrèman kontan pou ane sa a epi nou pa ka tann pou wè tout bél bagay ke lekòl nou an pral akonpli! Nou genyen mamm pèsonèl ekstrawòdinè epi nou konnen ke lavni a briyan pou Greene! Ale Bucks yo!

SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèle bagay chak jou. Men kèk egzanp.



RETOU PATRIYÒT NOUVEL ANGLETÈ YO NAN YOUNG WOODS ELEMENTARY SCHOOL

“Kijan nou santi nou sou... ogmante prezans nou?” te rele Patriyòt Nouvel Angletè yo **Captain Matthew Slater** avèk madam li, **Shahrzad Ehdaivand, MD**. “Awww yeah!” te reponn elèv Young Woods yo ki dirije pa anonsè Patriyòt yo Mike Riley.

Nan dat 26 Septanm, **jwè ak ponm-ponm-gèl Patriyòt Nouvel Angletè** yo te vizite **Young Woods Elementary School**. Kapèn **Matthew Slater** ak **David Andrews** te pamoun sa yo ki te vini pou pale ak elèv yo sou fason pou ogmante prezans yo pandan tout ane a, ansanm ak rookie kicker **Chad Ryland**, sekirite **Elèv Brendan**, paryè **Bryce Baringer**, ak paryè veteran **Corliss Waitman**. **Gouvène Dan McKee**, **Sipè-entandan Montañez** ak **Reprezantan Jose Batista** te rejwenn **Direktè Kimberly Komocar** pou adrese elèv yo sou enpòtan pou vini lekòl ak pou prezan epi prè pou aprann chak jou. Jwè yo te reponn kesyon elèv yo epi te pataje ke yo pa t ap jwè foutbolè pwofesyonèl jodia si yo pa te pran prezans oserye. **DWE YON EWO NAN PREZANS!**



Elèv ak fanmi yo te pwofite de aktivite yo pandan Sware Eritaj Ispanofòn lan nan **DelSesto Middle School** yè. Elèv yo te patisipe nan penti ak dans ak lekòl la te aksan sou art, youn nan inisyativ STEAM yo a. Ekip DelSesto la ap travay pou entegre aktivite STEAM yo nan sware familyal alavni yo!

PATWOUY SEKIRITE FOGARTY

Genyen kèk nouvo sherif nan ti vil la! **Fogarty Elementary School** te nome elèv yo nan Patwouy Sekirite 2023 - 2024 yo a, epi gwoup elèv sa yo pa te ka plis kontan pase jan yo kontan an! Manm Patwouy yo se volontè elèv ki esponsiorize pa lekòl la nan klas primè siperyè yo. Manm patwouy yo dirike timoun, se pa sikilasyon. Epitou yo sèvi kòm modèl pou timoun ki pi jèn yo, ki admire yo.

Manm Patwouy Sekirite Lekòl:

- Swiv tout règ saldeklas/lekòl yo epi respekte pwofesè ak elèv yo tout tan.
- Vini alè.
- Mete ekipman ki awopriye. Yo p ap otorize patwouy yo pou reyalize obligasyon yo si yo p ap mete yon senti pou patwouy.
- Fè anons matinal yo chak maten nan entèfòn nan, ki dirije tout lekòl la nan Sèman Alejans ak Alejans Lekòl Fogarty a.
- Asiste ak patisipe nan tout sesyon rankont patwouy yo ak sesyon fòmasyon yo.
- Anmezi pou kominike avèk koutwazi epi yon fason ki awopriye avèk elèv ak adilt yo.
- Deklare tout pwoblèm sekirite danjre yo pèsevwa yo bay pwofesè k ap travay la.

An jeneral, pwofesè yo ak direktè yo dezinye manm patwouy yo, ki patisipe avèk awobasyon paran. Yon pwofesè jeneralman sèvi kòm konseye patwouy la. Felisitasyon ak tout moun yo te chwazi pou fè pati Ekip Patwouy Sekirite Fogarty Elementary School pou ane lekòl 23-24!

NAN DISTRI A



MWA DIREKTÈ NASYONAL YO

"Pa gen pèsòn k ap vin yon gwo lidè si li vle fè tout bagay poukont li, oswa pou resevwa tout felisitasyon yo."

-Andrew Carnegie

Oktòb la se **Mwa Nasyonal Direktè yo**, epi nou vle pran opòtinite sa a pou mete aksan sou tout Direktè ekstrawòdinè PPSD yo! Travay difisil ke yo fè yo pase inapèsi epi mwa sa a nou genyen opòtinite pou briye yon limyè sou lidèchip egzanplè yo a. **Mèsi pou tout sa nou fè chak nou pou elèv nou yo, pou manm pèsònèl la, fanmi yo, ak kominote a.**

FWA SOU KOLÈJ AK KARYÈ

Dènyèman PPSD te organize **Fwa sou Kolèj ak Karyè** pou elèv lekòl segondè yo, kote yo te gen opòtinite pou pale avèk reprezantan yo nan kolèj ak biznis lokal yo sou pwochen etap yo aprè lekòl segondè. Yon gwo remèsiman pou tout fakilte yo, inivèsitè, ak òganizasyon ki te vini nan **Akademi Karyè ak Teknik providence la (PCTA)** pou pale avèk elèv yo nan Fwa sou Kolèj ak Karyè a!

MAKE KALANDRIYE W YO!

○ [JOUNEN PÈL ENDIJÈN YO \(PA GEN LEKÒL\)](#)

Lendi 9 Oktòb 2023

○ [KLINIK KOMINOTÈ POU GRIP](#)

Madi 10 Oktòb 2023

4:00 p.m. - 7:00 p.m.

Nathanael Greene Middle School
721 Chalkstone Ave.

○ [EKSPozISYON NAN LEKÒL SEGONDÈ](#)

pou klas 7 + 8 ane

Jedi 12 Oktòb 2023

5:00 p.m. - 7:00 p.m.

PCTA, 41 Fricker St.

○ [EGZAMEN ADMISYON CLASSICAL HIGH](#)

Samdi 21 Oktòb 2023 &

Samdi 28 Oktòb 2023

7:45 a.m. - 1:00 p.m.

Classical High School, 770 Westminster St.

○ [KLINIK KOMINOTÈ POU GRIP](#)

Madi 24 Oktòb 2023

4:00 p.m. - 7:00 p.m.

JSEC, 182 Thurbers Ave.

○ [EGZAMEN ADMISYON CLASSICAL HIGH](#)

Dat Obsèvasyon Relijye

Jedi 26 Oktòb 2023

7:45 a.m. - 1:00 p.m.

Classical High School, 770 Westminster St.

OKTÒB MENI LEKÒL LA



Providence
Schools

© 2023 Providence Public Schools • communications@ppsd.org • www.providenceschools.org

Gwo bagay ap pase atravè distri a e nou vle w konnen yo! Si w gen yon pwogram, yon evènman, Manm pèsònèl oswa elèv ki gen yon bèle istwa ou ta renmen prezante, tanpri voye yon imèl nan communications@ppsd.org.